



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPLWAMAN RESOUS ADISYONÈL ETA YO NAN WHITESBORO ANVAN LAPLI NAN SWARE A

Lapli Ke Yo Prewwa nan Mohawk Valley yo Ap Ogmante Risk Inondasyon yo

Siveyans pou Inondasyon yo Aktyèlman An Vigè nan Konte Cattaraugus, Chautauqua, Genesee, Niagara, Northern Erie, Orleans ak Wyoming; Avètisman pou Inondasyon yo an vigè nan Konte Southern Erie

Pou Demann Ekipman ak Lòt Asistans yo, Gouvènman Lokal yo Ta Dwe Kontakte Sant Siveyans Eta New York 24/7 lan nan [518-292-2200](tel:518-292-2200)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a deplwaman divès resous leta pou fè entèkansyon pou inondasyon potansyèl yo nan pon wout ray CSX lan ki nan Whitesboro. Apre yon semèn metewo ivènal entans, tanperati yo te monte nan New York sa ki te ogmante yon fason konsiderab risk pou gen inondasyon toupatou nan Eta a, espesyalman ki koze pa anbouteyaj glas yo. Sou enstwiksyon Gouvènè a, ajans leta yo te kowòdone pou deplwaye alavans resous nan zòn selèb ki pwopis a inondasyon yo tankou pon CSX lan, ke Gouvènè Cuomo te [mande](#) pou yo rekonstwi. Ak previzyon yo ki kounye a prevwa presipitasyon an plis de tanperati ki pi cho yo, yo te deplwaye resous adisyonèl nan lokalite sa a pou imedyatman fè entèkansyon epi redwi nenpòt inondasyon ki ka rive.

“Ak monte resan nan tanperati yo, nou te konnen ke pwobabilite inondasyon anbouteyaj glas yo ta pral ogmante yon fason konsiderab ak resous leta ke yo te deplwaye alavans yo nan zòn ki pi pwopis a inondasyon yo nan Eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pon CSX Whitesboro a se youn nan zòn ki pi souvan inonde nan eta a, epi ak lapli ke yo prevwa yo, mwen ap deplwaye resous adisyonèl nan zòn nan pou asire sekirite ak ponktyalite nenpòt travay ke yo dwe reyalize.”

Pandan orè sware nan Lendi pou rive Madi yo, li pwobab pou gen gwo lapli yo apre 12 a.m. nan Mohawk Valley ak tanperati ki konsantre prensipalman nan pi ba 40 degre yo. Nan Madi, lapli ak nèj yo posib anvan 3 p.m., ak posibilite pou gen gwo nèj yo anvan 4 p.m. Tanperati yo pral nan pi ba 40 degre yo, tonbe nan pi ba 30 degre yo apati 5:00 p.m. Pandan ke yo prevwa ke presipitasyon volim total yo ap sèlman atenn anviwon yon dizèn pous pou pi plis, nenpòt sa ki an plis ke nèj ki ap fonn rapidman yo ap sèlman ogmante chans inondasyon yo.

Pou ka ede redwi nenpòt pwoblèm adisyonèl ki ka kreye nan pon CSX lan, New York gen pèsònèl ak ekipman ki soti nan divès ajans leta yo ki swa ap travay sou plas oswa te pozisyonè alavans yo nan lokalite ki tou pre yo ki pare pou deplwaye. Sa gen ladann:

- 2 Eskavatris ki gen Manch Long yo
- 2 kamyon fatra
- 1 Vetikil Kòmand Lapolis Eta New York
- 1 Ekip Sovtaj nan Kouran Dlo Rapid yo
- 2 Bato Gonflab a Motè yo
- 2 Kannòt Ki Pa a Motè
- 1 Veyikil a Eseye Elve
- 3 Aparèy Ekleraj Pòtab
- 2 Jeneratris 100 kilowat
- 2 Pano VMS
- 1 Trelè pou Entèkansyon Ijans

Laplipa inondasyon nan lokalite sa a te istorikman koze pa anbouteyaj glas yo ki rive lè blòk glas ki ap flote yo bloke yon rivyè oswa sikilasyon kouran dlo yo. Lè tanperati yo monte, anbouteyaj glas yo ka kraze, sa ki ap libere dlo ke baraj lan te kenbe yo epi lakòz inondasyon nan zòn anba kouran dlo yo. Inondasyon rapid ak anbouteyaj glas yo lakòz domaj konsiderab nan pwopriyete yo, ki ka petèt detwi kay yo. Monte nan nivo dlo yo akòz nèj ki ap fonn yo gen potansyèl tou pou yo kraze glas ki nan kouran dlo ak rivyè yo, ki ka vin bloke apre kote ki gen anbouteyaj yo nan rivyè a oswa kouran dlo yo, tankou nan koube oswa pon yo.

Anbouteyaj glas yo pral kontinye rete yon enkyetid pou rès Eta a tou, pliske yo prevwa ke tanperati yo pral rete cho jiska Madi. Deja, Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) te lanse avètisman pou inondasyon nan Konte Cattaraugus, Chautauqua, Genesee, Niagara, Northern Erie, Orleans ak Wyoming, ansanm ak avètisman pou inondasyon ki an vigè nan Konte Southern Erie. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt Sèvis Metewo Nasyonal la \(National Weather Service\)](#).

Preparasyon Ajans Leta yo

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York lan ankouraje ofisyèl minisipal yo pou yo antreprann imedyatman evalyasyon lokal pou anbouteyaj glas potansyèl yo nan zòn ki pwopis a inondasyon yo ak retire nenpòt debri. Nan ka yon ijans, DEC rete pare pou apwouve Otorizasyon pou Ijans pou akselere apwobasyon pwojè yo sou baz akselere olye de yon pèmi endividyèl. Jeneralman, yo ka bay otorizasyon sa yo nan yon delè 24 èdtan. DEC apwouve otorizasyon ijans pou sitiyan yo konsidere kòm ijans, baze sou pwoteksyon imedyat lavi, lasante, byennèt jeneral, pwopriyete oswa resous natirèl. Gen enfòmasyon anplis ki disponib sou sitwèb DEC a sou:

<http://www.dec.ny.gov/permits/96337.html>. Yo bay Otorizasyon Ijans yo pou kondisyon ideyal yo pou pwoteje anviwònman an.

DEC kontinye travay ak ajans patnè li yo ak lokalite yo toupatou atravè eta a pou yo reponn a inondasyon ak anbouteyaj glas. DEC pral deplwaye dwòn pou asiste ak evalyasyon anbouteyaj glas yo. Ekspè DEC ap idantifye zòn ki gen tandans anbouteyaj yo, sa ki genyen ladann wiso, kote nèj ki fonn ak lapli kapab lakoz inondasyon ki ka fè dega. DEC pral siveye previzyon nivo sous yo ak mezi inondasyon nan wiso, sous, ak rivyè yo pou evalye ris inondasyon epi reponn a inondasyon potansyèl ki tap aktive

nepòt nan 106 Pwojè Kontwòl Inondasyon (Flood Control Projects) DEC ap jere epi opere nan tout Eta New York lan. Anplis, DEC ap siveye izin tretman dlo ize nan tout eta a, baze sou kondisyon risk ak anplwaye ki prè pou yo reponn a tout ijans inondasyon koze. Pou enfòmasyon anplis sou resous pou ofisyèl lokal ak responsab ijans, vizite sitwèb DEC <https://www.dec.ny.gov/lands/115140.html>.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan pare pou reponn a demann pou asistans avèk resous ki soti nan estokaj rezèv yo, ki gen ladan:

- Plis pase 730 jeneratris
- Prèske 1,300 ponp
- Plis pase de milyon sak sab
- 20 machin pou ranpli sak sab
- Baraj akwatik (Aquadam) ki mezire 6,771 pye

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Anplwaye Depatman Transpò Eta New York rete veyatif sou alèt epi ap travay ak patnè Eta ak lokal yo pou yo reponn imedyatman a nenpòt enpak inondasyon an genyen. Anplwaye depatman an ap siveye aktivman plis pase yon douzèn zòn ki selèb pou pwoblèm yo, epi poze aksyon jan sa nesèsè pou redwi inondasyon yo. Yo ap plase yon fason estratejik katòz eskavatris ki gen manch long yo toupatou nan eta a pou ede kraze anbouteyaj glas yo pandan ke tanperati yo ap ogmante.

Nan kòmansman mwa sa a, Depatman an te travay ansanm ak patnè li yo ki nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan nan Eta New York pou ede Vilaj Whitesboro ki nan Konte Oneida lè anbouteyaj glas yo te lakoz dlo anvayi bò ti rivyè Sauquoit Creek epi afekte pon ray CSX la. Byenke dlo yo te yon tijan desann, la rete yon zòn preyokipasyon epi Depatman an kontak aktif ak CSX ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la sou mezi prevantiv potansyèl yo ka pran pou atenye inondasyon alavni. Gouvènè Cuomo te voye yon [lèt](#) resamman bay CSX kote li te menase antame aksyon legal si yo pa rekonstwi pon an.

Yo ap raple otomobilis yo pou yo verifye [511NY](#) anvan yo vwayaje oswa pou yo telechaje [aplikasyon mobil la](#). Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou depasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Staf Otorite Thruway ap aktivman enspekte sistèm drenaj epi siveye inondasyon potansyèl. Staf yo pare pou reponn a nenpòt ki pwoblèm inondasyon atravè eta a, avèk plis pase 669 operatè ak sipèvizè, pèltez ant piti ak mwayen, chasnèj/kamyon fatra, gwo chajè, ak plizyè tablo VMS pòtab, poto limyè pòtab, dèlko ki pi piti, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman, ansanm ak siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt ki detou oswa fèmeti.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](#) oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

New York Canal Corporation

New York State Canal Corporation, ki se yon filyè NYPA, kontinye rete an kominikasyon ak antite enèji idwo-elektrik ki sou Sistèm Kanal eta a yo konsènan chanjman yo ak kondisyon yo ansanm ak danje k ap devlope yo atravè piblikasyon. Canal Corporation te pran aksyon prevantif nan tout eta a pou diminye enpak inondasyon potansyèl atravè sistèm lan epi staf yo ap siveye depre lokal blokaj glas rekoni yo, sa enkli lokal yo rekonèt olon Rivyè Mohawk.

Canal Corporation gen yon kontraktè ki disponib pou voye nan Ekliz 8-10 Kanal Erie nan konte Schenectady ak Montgomery pou retire blòk glas ki akimile ki kole ak ekliz yo si sa te vini rive.

Lapolis Eta New York (New York State Police)

Manm Patwouy yo nan Eta a ap asiste ajans patnè yo apati siveyans rivyè yo ak kouran dlo yo pandan patwouy regilye yo, epi pral rapòte chanjman nan kondisyon yo jan sa jistifye. Yo mete an sèvis tout veyikil patwouy kat pa kat yo epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj, Veyikil Sèvis Piblik yo, ak bato yo, deja an pozisyon epi yo pare pou itilizasyon.

Lòt konsèy sekirite

Men konsèy sekirite nan kad preparasyon pou inondasyon:

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye – ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen -- tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti kit pwovizyon nan ka katastwòf nan kòf machin ou.

- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè radyo bay nivo dlo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si w riske inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiwayon ijans.
- Verifye kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon.

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo sou www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)